



Indinganizo y'ukwunganirwa mu buryo

Ibibazo & inyishu hamwe n'amakuru ugomba kumenya

Mwoshobora gusigura intambwe z'uko bisabwa?

Ego. Mukaba mufise ikibazo na kimwe kijanye n'uko bikorwa canke ukeneye ubufasha ngo utahure igice icarico cose c'uko bigenda, usabwe kwitura umuntu ari mu murwi wacu wa Customer Service kuri (800) 639-2719.

Nashobora kuronka ubufasha mu kwuzuzwa dosiye yo gusaba?

Ego. Musabwe kwitura Customer Service kuri 847-8000 canke 1-800-639-2719 ku bibazo mwofita canke kui email kuri CustomerService@UVMHealth.org. Mwipfuzza kuvugana na Financial Advocate canke Counselor aderese z'aho dukorera zashizwe ku rutonde aha hepfo. Abakozi ba Health Assistance Program barashobora guhura namwe mu ntumbero yo kwuzuzwa iyo dosiye. Musabwe guhamagara kuri 802-847-6984 kugira muhane gahunda y'ukubonana.

Central Vermont Medical Center

Ubuwugizi ku bijanye n'amahera
3 Home Farm Way
Montpelier, VT 05602
(802) 371-4600 uhitamwo 1

Porter Medical Center

Ubuhanuzi ku bijanye n'amahera
23 Pond Lane
Middlebury, VT 05753
(802) 388-8808

University of Vermont Medical Center

Ubuwugizi ku bijanye n'amahera
111 Colchester Ave
Burlington, VT 05401
Main Campus, ACC Registration
(802) 847-1122

Mu gihe ikibazo canke igice coba kitanyerekeye, nashobora kuhareka uko?

Oya. Hasabwa dokima yujuje mu gihe uriko usaba gufashwa mu bijanye n'uburyo. Mu gihe igice canke ikibazo kitajanye, andika N/A aho bidakora.

Mu gihe ntafise dokima zose zisabwa. Ndashobora kurungika izo mfise?

Oya. Utegerezwa kurungika dosiye yujuje amadokima abereye, atari uko dosiye ntizemegwa gushika aho dokima bijanye zitanzwe. Ufise ikibazo kuri dokima kanaka, usabwe guhamagara mu gisata cacu ca customer service kuri (800) 639 2719, ko hashobora kuba iyindi bijanye yashobora kuja mu kibanza igashobora gutangwa.

Sunizeye ko nkwiye ibisabwa vya Medicaid, NY Family Health Plus canke iyindi asiransi zifashwe mu mugongo na Leta, mwashobora kumfasha kubona nimba nkwiye ibisabwa vyo kuja ku rutonde?

Ego, musabwe kwitura financial aba advocates canke counselors ku bitaro bibereye ngaho mu gushiraho umusi wo guhura canke gupimwa mu gihe bibaye ngombwa.

Ni iki notanga nk'icemezo c'ubutunzi mfiti:

Itagisi ku butunzi winjije federal income tax ya vuba hashoboka niyo dokima ibereye nk'icemezo c'ubutunzi winjije. Mu kibanza c'ivyo, urashobora gutanga dokima yerekana vyose bijanye n'umushahara, dokima z'ubufasha ndonswa, amakete y'isuzumwa ry'inyungu, amakete y'umukoresha, kontara y'akazi ku nyambukira, canke Open-Door Clinic, n'ibindi.

Nararungitse W2 yanje hama nsubizwa dosiye yanje nsabwa Federal Tax Return yanje. Kubera iki?

Hariho itandukanirwo hagati ya W-2 yawe hamwe na Federal Tax Return yawe. W-2 yawe ni ikirango c'impembo ku mukoresha kanaka wawe. Federal Tax Return yawe ni icegeranyo gikwiye ca yose uhembwa. Turasaba icemezo c'ayo winjiza kandi tugashima gusumba kuronka kopi ya Complete Federal Tax Return, ariko iyindi dokima yemewe ishobora kuyisubirira irashobora gutangwa (nk'uko bigaragara aho hejuru). W-2 ntishobora gutangwa nka dokima isubirira. Mu gihe udafise kopi ya Federal Tax Return akura muri Internal Revenue Service (IRS) kuri 1-800-908-9946 hama usabe Tax Return Transcript itarihwa canke uje kuri www.irs.gov/Individuals/Get-transcript

Ni Federal Tax Return yanje y'uwuhe mwaka norungika?

Tanga umwaka wa vuba cane wujurijweko itagisi – inyuma y'itariki 15 Ukwezi kwa kane.

Ni akahe karusho k'ikete ry'isuzumwa?

Mu gihe uhabwa agahembo k'ubufasha ugushigikirana (SSI), iri ni ikete ryo ku mwaka ku mwaka ikigo gitanga ubwo bufasha rikurungikira ubufasha ukwiriye ku kwezi. Mu ntumbero y'ibikorwa vyo gusuzuma turemera kopi y'ikete ry'uturusho benefit award letter. Kugira uronke kopi y'ikete ry'isuzumwa, ca kuri www.ssa.gov/myaccount/

Mu gihe umukoresha wanjye adatanga ikirango c'imishahara, ni iki nokora?

Dusaba ko utanga ikopi ya vuba cane ya income tax return yawe. Mu gihe iyo itahari hariho izindi dokima ushobora gutanga, raba aho hejuru canke urabe mu ndinganizo ya dosiye. Icitonderwa, mu gihe wubatse canke ufise uwo mubanye, isuzumwa ryabo rirasabwa. Ku bakozi b'abimukira, kopi ya contara y'akazi canke ikete ry'umukoresha biremewe.

Sinuzuka ku gice ku gice inyungu n'uruhombo (P & L) muri businese yanje. Nshobora kurungika Federal Tax Return yanje ya vuba?

Ego, ariko, habuze federal income tax return yawe, P&L yawe ni iyindi dokima yemewe yosubirira isuzumwa ry'ayo winjiza.

Ubu bufasha Financial Assistance bujana n'ikiringo kingana gute?

Ikiringo bijanye kizoba kiri kw'ikete rikwemerera. Bushobora kumara kuva ku mezi 6, gushika ku mezi cumi n'abiri kubamugaye, bafise imyaka 65 canke irenga n'abakukurutse canke mu gihe c'ikiza, bishobora kujana n'igikorwa c'ukwitabwaho kimwe gusa. Mu gihe uburyo winjiza bwerekana ko ubereye kuja muri Medicaid, NY Family Health Plus canke asiransi yindi ikoresha uburyo bw'igihugu, uzosabwa kwuzuka ibisabwa vyo kuja muri Medicaid mu gihe ukwije amahirwe yo kuja ku rutonde rw'abakirwa nawyo.

Icitonderwa: Mu gihe uri umwimukira atagira impapuro, aho ntusabwa gusaba gushirwa muri Medicaid.

Iciyongereye, nta mugwayi azosabwa kugura integuro ya asiransi yigenga kugira ashobore kwemerwa kuja mu ndinganizo yacu yo kwunganirwa mu buryo.

Ikete rikwemeza rizoba ririko ikiringo uzofashwamwo.

Ni incuro zingahe nkenera gusubira gusaba ubwo Financial Assistance?

Financial Assistance ni indinganizo yagenewe abagwaye bafise ikibazo vy'uburyo igashobora gusabwa mu gihe hari amafagitire mu kwivuzura udashobora kwishura muri UVMHN. Urashobora kwuzura dosiye yo gusaba igihe cose mu buryo bwawe udashobora kwishura, mu gihe witeze ko kuri konte ya asiransi hari ibizosigara bitishuwe, canke witeze ko hari seruvise igiye kuhaba y'ubuvuzi ishobora gusigara itishuye.

Ni gute shobora gusuzuma aho dosiye yanje igeze?

Dutunganya idosiye mu misi 30 kuva itowe hama tukakurungikira ikete ryo kwemeza mu gihe ingingo yanyuma yafashwe. Mu gihe ata nyishu yacu ubaye uraronka mu misi 30, musabwe guhamagara mu gisata ca Customer Service kuri (802) 847 800 canke (800) 639-2719.

Ni gute nzomenya ko dosiye yanje yemejwe?

Mu gihe dukeneye amakuru yandi yiyongereyeko, tuzoguhamagara canke tukurungikire email igusaba ayo makuru abura. Mu gihe dosiye yawe izoba yamaze kwuzura, tuzokumenyesha ingingo yanyuma mu misi 30. Mu gihe wemerewe, ikete rizotomora urugero wemerewe, mu gihe wankiwe impamvu y'ukwankirwa izoba iriho isiguye mw'ikete. Mu gihe wemerewe, amafagitire y'ubu n'ayazozo azoba afise urugero akoregwako ku bice vyose vyemejwe mu kiringo wemerewe. Ayo ugabanirizwa azoboneka ku nyandiko zose zerekana amafagitire yose azoya.

Ni kubera iki amafagitire yo muri farumasi ashobora kutaja mu yo nunganirwa?

Amaseruvise yose yemejwe asohowe n'ibitaro arisungwa muyo wunganirwamwo, ariko, si bose abatanga seruvise z'ukwitabwaho muri UVMHN basanzwe ari abakoreshwa n'ibitaro canke indinganizo z'ubuvuzi.

Twakira fagitire, tukongera tukarabwa n'uburyo bw'abatanga imiti bakorera UVMHN. Abikorwa vy'abaganga bigenga biri ukwavyo co kimwe n'amafigitire ajanye n'ibikorwa vyabo.

Nk'akarorero, umuganga yigenga ashobora gukora igikorwa co kubaga muri UVMHN kigasaba ko haba fagitire zibiri: imwe irabana n'ibikorwa vy'ibitaro iyindi igikorwa c'umuganga. Mu gihe umuganga ari umukozi wa UVMHN, iza fagitire zose ziraza muvye wunganirwako. Mu gihe umuganga yigenga, uzohabwa fagitire ivuye muri UVMHN ku bikorwa hama na fagitire y'umuganga. Bivuzengo uwunganirwa kuzokoregwa kuri fagitire ya UVMHN. Twunganira kuri fagitire za seruvise twebwe nyene twatangiye fagitire.